

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### **5.1 Kacindekan**

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan média *movie maker* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-4 SMP Negeri 1 Tarogong Kidul Garut taun ajaran 2013/2014 kagolong kana can mampuh, rata-rata peunteun kelas nyaéta (61,5). Tina jumlah siswa 40, aya 31 siswa atawa 77,5% siswa anu acan mampuh ngaregepkeun unsur dongéng ngeunaan watek palaku, latar waktu, jeung galur masalah museur. Sésana anu 9 siswa atawa 22,5% geus mampuh ngaregepkeun ngeunaan palaku, galur, jeung latar.
- 2) Kamampuh ngaregepkeun dongéng sabada ngagunakeun média *movie maker* kagolong kana mampuh, rata-rata peunteun kelas (76,75), tina 40 siswa aya 35 atawa 87,5% siswa anu geus mampuh ngaregepkeun unsur dongéng ngeunaan palaku, galur, geung latar. Sedengkeun 5 siswa atawa 12,5% siswa can mampuh ngaregepkeun dongéng ngeunaan palaku, galur, jeung latar.
- 3) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker* katitén tina hal uji hipotésis  $t_{itung} > t_{tabéł}$  nyaéta  $9,83 > 2,7$ . Ku kituna, hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Ieu hal nuduhkeun aya bédana anu signifikan antara prétés jeung postés, sarta média *movie maker* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VII-4 SMP Negeri 1 Tarogong Kidul dina ngaregepkeun dongéng.

## 5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha saran nu diajukeun ku panalungtik nyaéta:

- 1) Ku sabab dina panalungtikan ngaregepkeun dongéng teu maké média *movie maker*, kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kagolong kana can mampuh. Ku kituna, dipiharep média *movie maker* bisa digunakeun dina kgiatan pangajaran ngaregepkeun dongéng.
- 2) Ku sabab dina panalungtikan média *movie maker* téh mampuh ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng. Ku kituna, média *movie maker* bisa dijadikeun salahiji alternatif dina nepikeun pangajaran ngaregepkeun hususna ngaregepkeun dongéng.
- 3) Ku sabab aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*, anu dilaksanakeun di SMP Negeri 1 Tarogong Kidul Garut. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan deui anu lewih jembar ngeunaan média *movie maker* ku cara ngagunakeun matéri pangajaran anu séjén sarta di Sakola anu béda.